CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #९७

१० ।११ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## आब निचादेलगेल प्रयोगशालासभ मात्रे कोभिड - १९ पि.सि.आर. परीक्षण करतै




**१ प्रदेश १**
कोशी अस्पताल, वि. पि. कोईराला स्वास्थ्य विज्ञा प्रतिष्ठान, मेची अस्पताल, प्रदेश जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला

**२ प्रदेश २**
नारायणी अस्पताल, गजेन्द्रनारायण सिं अस्पताल, प्रदेश जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला

**३ बागमती प्रदेश**
राष्ट्रिय जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला, धुलिखेल अस्पताल, पाटन स्वास्थ्य विज्ञान प्रतिष्ठान, बीर अस्पताल, शुक्रराज ट्रपिकल तथा सरुवा रोग अस्पताल, भरतपुर अस्पताल, प्रदेश जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला, भक्तपुर अस्पताल, त्रि.वि. शिक्षण अस्पताल, हेटौडा अस्पताल, प्रहरी अस्पताल, सैनिक अस्पताल, शसस्त्र प्रहरी अस्पताल

**४ गण्डकी प्रदेश**
प्रदेश जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला, बागलुङ अस्पताल

**५ लुम्बिनी प्रदेश**
भेरी अस्पताल, प्रदेश जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला, राप्ति स्वास्थ्य विज्ञान प्रतिष्ठान

**६ कर्णाली प्रदेश**
प्रदेश जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला, कर्णाली स्वास्थ्य विज्ञान प्रतिष्ठान

**७ सुदूरपश्चिम प्रदेश**
प्रदेश जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला, डडेलधुरा अस्पताल

स्रोत: https://cutt.ly/4lfYbPi

## नेपाल अपडेट



लैंगिक समावेशिकरण विषयक छलफलमे सहभागी धनगढी उप-महानगरपालिकाके जग्गा विहिन बस्तीके जनानीसभ

चित्र: आयुश यगोल श्रेष्ठ

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: २१,४३,३१५
पोजेटिभ: २,७३,५५६
उपचाररत: १,५२९
मृत्यु : २०६१
सन्चो भएका : २,६९,९६६




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



विश्व बजारमे कोरोना विरुद्धके खोप अभाव छै कहिक सुनाईत छै । सर्वसाधारणके ई खोप लेब कहिया तक प्रतिक्षा कर पड़तै

अखन विश्वव्यापी रुपमे खोपके सहजता नै भेल आ अखन प्रयोग भरहल कोभिसिल्ड खोपके निरन्तरता देलापर आपूर्ति तथा प्रयोग सहज देखेला सँ ओई खोपके २० लाख डोज किनके निर्णय कल सरकार सम्झौता सेहो कलचुकल छै । तै सँ, सर्वसाधारणके सेहो ई खोप जल्दिए भेटतै । अईके तहत १० लाख खोराक २०७७ साल फागुन ९ गते आबिचुकल छै । फागुन २३ गते सँ सञ्चालन होबवला खोप अभियानके लेल, प्रदेश आपूर्ति व्यवस्थापन केन्द्र मार्फत जिल्ला स्थित स्वास्थ्य कार्यालय सँ देशभैरके खोप केन्द्रसभमे वितरण करब कहिक सरकार जनौलक अछि ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/2077-magh-15-19-falgun-06



प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रममे सूचिकृत भेल सबके रोजगारी भेटतै त ?

सरकारके तथ्यांक देखबै त, आ.व. २०७७/७८ मे प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रममे सूचिकृत भेल जम्मा ७ लाख ४३ हजार बेरोजगार मे सँ अखनतक १ लाख ५ हजार बेरोजगारके रोजगारी भेटल छै । चालु आ.व.मे आरो २ लाख बेरोजगार व्यक्तिके रोजगारी उपलब्ध कराबके सरकारके योजना छै । तहिना कलक, न्युनतम १०० दिनके काम नै पाबवलाके न्युनतम मजदूरीके आधारमे बेरोजगार भत्ता उपलब्ध कराब सेहो कहल गेल छै, लेकिन ओकर प्रावधान कि हेतै से स्पष्ट नै छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/Ok1MUWv



साउदी अरबसँ फेर प्रवेश भिषामे नेपाल आएलसभके आब साउदी अरब फिर्ता आब नै पाओत कहिक सुनाईत

साउदी सरकार साउदी अरबमे कार्यरत श्रमिकके फेरो प्रवेश भिषा (Re-entry) मे स्वदेश गेलापर आप्रवासी कामदारके ऊ भिषा अवधि समाप्त होब सँ पहिलेहि काममे फिर्ता आबिजाय परत कहने छै । एना समयपर फिर्ता नै आएल तेहन श्रमिकके ३ वर्षतक साउदी अरब प्रवेश कर नै पाएत तेना क प्रतिबन्ध लगाएल गेल छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/TkhZrID



लकडाउनके समयमे पारिश्रमिक नै भेटल कामदारके तलब भेटत कहिक सुनैत छी । साँच बात कि छै ?

उद्योग प्रतिष्ठानसभ श्रमिकके २०७६ चैत्र महिनाके पारिश्रमिक बन्दाबन्दी अवधी समेतके लेल पहिलेहि जकाँ भुक्तानी करके निर्णय कलक निर्देशन देने छै । जैके तहत, २०७७ बैशाख महिनाके लेल ५० प्रतिशत पारिश्रमिक भुक्तानी कल फरछ्यौट कर आ २०७७ जेठ महिनाके हकमे बन्दाबन्दीके कारण काममे आब नै सकल श्रमिकके पाबवला पारिश्रमिकके ५० प्रतिशत भुक्तानी कर परत सेहो निर्णय केने छै ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/2077-magh-15-19-falgun-06

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ






COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ

३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्मा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,७५,००६ संक्रमित | १,८४,०९० संक्रमित | ११७,८०९ संक्रमित | १,६०,४२६ संक्रमित | ३,७०,४२५ संक्रमित | १,३९,३६२ संक्रमित | २,८३,५६९ संक्रमित | ८७,३२४ संक्रमित |
| ५,८०० नेपाली संक्रमित | २,३५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २८,२५० नेपाली संक्रमित | ५,३५० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | २१०० नेपाली संक्रमित | २९ नेपाली संक्रमित |
| ८८ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | |



गन्तव्य राष्ट्मा संक्रमित नेपाली

गन्तव्य राष्ट्मा नेपाली जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्मा संक्रमित जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्मा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## यूएईमे अनलाईन सँ राहदानी नविकरण तथा नयाँ राहदानी बनाएल जासकैय

यूएईमे रहिरहल नेपाली दुतावास अपन सेवाग्राहीके दुतावासमे नै आबिक सेहो राहदानी निविकरण आ नयाँ राहदानी बनाबके सुबिधा देब लागल छै । अईके लेल अनलाईन भरल फारममे फोटो साईटक आरो आवश्यक परबला कागजातसभ कुरीयर क सकैछी । तहिना कलक, दुतावासके बैंक खातामे लागबला दस्तुर तिरल जाल्सकैय ।

**राहदानीके नविकरण आ पन्ना खतम भेल राहदानीके लेल संलग्न करपरबला आवश्यक कागजातसभ निचादेल अनुसार छै :**

१. सही तरिकासँ भैरक प्रिन्ट केने दू प्रति फारम ।

२. नेपाली नागरिकताके प्रतिलिपी ।
(नागरिकताके प्रतिलिपीमे अनिवार्य रूपसँ सक्कल वमोजिम नक्कल ठिक छै लिख कल हस्ताक्षर केने होब परत ।)

३. हालसालेके सक्कल राहदानी आ ओकर प्रतिलिपी ।

४. पासपोर्ट आकारके तोकलगेल अनुसारके २ प्रति फोटो ।

५. यूएइके Valid Visa के कपी ।

६.२०० दिराम राजस्व शुल्क बैंक दाखिला केने रसीद ।




साथे,
हराएल राहदानीके सट्टामे, बिगाइल या फाटलके नयाँ बनाब परल त, नाबालकके राहदानी बनाब परल त अलग अलग कागजातसभ चाही । अईके लेल आवश्यक कागजातसभ लगाएत अईके बारेमे बिस्तृत जानकारी लेबके लेल नेपाली दुतावासके वेवसाईट ae.nepalembassy.gov.np मे देख सकैछी ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

कोरोना संक्रमण रोकथाम, नियन्त्रण आ ईलाजमे भेल
खर्चके ताजा अद्यावधिक (२०७७ पुष अन्त्य तक)

**संघिय सरकार**

रु. ८ अर्ब ५९ करोड ९८ लाख

**प्रदेश सरकार**

रु. २ अर्ब ९२ करोड ३ लाख

**स्थानीय सरकार**

रु. ८ अर्ब १० करोड ६७ लाख

**दोहोरो खर्च**

रु १ अर्ब ४९ करोड ७० लाख

**दोहरा खर्च कटाक होबवला जम्मा खच**

## रु. १८ अर्ब १२ करोड ९८ लाख

स्रोत: https://cutt.ly/4lfYbPi

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस

## सुजन श्रेष्ठ



**स्वास्थ्य शाखा प्रमुख, ज्वालामूखी गाउँपालिका, धादिङ**

"अखन कोरोनाके खोप स्वास्थ्यकर्मी, जनप्रतिनिधी, अग्रपंक्तिमे काम करवल( ासभके लगेनाई शुरु केने संगे सबमे उर्जा बढल छै । शुरुवातमे हल्लामात्रे बहुते भेला सँ असमञ्जसके बीचमे क्वारेन्टाइन तथा आइसोलेशन बनाब सफल भेल छलौ । आइसोलेशनमे पाँच तरहके मात्रै नै भळक, पडोसके नगर मण्डनदेउपुर, भुम्लु आ चौरीदेउरालीके कोरोना संक्रमितसभके सेहो राखिक ईलाज कराब सफल भेलौ । अखनके विषम परिस्थितीमे सेहो जनतासंगे साक्षात्कार करैत आगु बढल छी । एम्बुलेन्सके तैयारी अवस्थामे राखिक सकभर सबके उत्कृष्ट सेवा पहुचावके काममे लगातार लागल छी । हमसभ जनताके सेवक भेला सँ जनताके समस्यामे लगातार काम कळ रहल छी ।"

## शान्ननानी परियार

**सदस्य, जिल्ला समन्वय समती, धादिङ**

"काभ्रेके सबसँ विकट गाँउपालिकामे रहल महाभारतमे कोभिडके समयमे सही सूचना, ईलाज, क्वारेन्टाइन, आइसोलेशन बनेनाई एकदम कठिन छलै । नाकासभसँ आदमीसभके प्रवेश अचानक बढला सँ गाउँपालिका आदमीसभ आबसकवला जगहसभमे क्वारेन्टाइनसँगे बोखार नाप जाँच करवला जगह बनेने छलौ । अखन आरो क्षेत्र सामान्य होईतो हमरासभके सामान्य अवस्थामे आब आरो समय लागत । हमसभ अखन सेहो सचेतना कार्यक्रम कळरहल छी । मापदण्ड पालना करारहल छी । "



## कृष्ण प्रसादकाप्री



**वडा अध्यक्ष, ज्वालामुखी गाउपालिका वडा नं. ५, धादिङ**

"हमसभ कोभिडके शुरुमे ओतके आर्थिक अवस्था कमजोर भेल आदमीसभके पहिचान कळक समानुपातिक रुपमे राहत सामाग्री वितरण केने छलौ । हमसभ विशेष कळक गर्भवती जनानीसभके स्वास्थ्यके विशेष ध्यान दलौ । हुनकासभके पौष्टिक आहार, नियमित स्वास्थ्य परीक्षणके व्यवस्था करके संगही बर्थिङ सेन्टर चलेला संगे काभ्रेमे बहुते बच्चा जन्मलेबवला केन्द्रके रुपमे विकास भेल छै । कोभिडके कारण सँ हमसभ अपन वडामे अस्पतालके आवश्यकता भेल महसुस कळ नगरके समन्वयमे आयुर्वेदिक अस्पताल बनावके काम आगु बढल छै । अईमे सब जनप्रतिनिधीसभ साथ देने छैथ । "

# रेडियो कार्यक्रम पद्धती तालिका



## रेडियो कार्यक्रम पद्धती
संरचना सबैका लागि

प्रसारणको रेकर्ड तपाई YouTube र Soundcloud मा पनि सुन्न सक्नु हुन्छ

Civic Action Teams

https://soundcloud.com/accountability_lab

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs